

BALLOT LANGUAGE :

"Pou fasilite egzekisyon amelyorasyon sitaks la finanse sistèm transpò nan tout konte a, èske Chat Konte Broward la dwe amande pou pèmèt òdonans Konte a ki règlemante devlopman, ki gen ladan zonaj, pèmi, konstriksyon, operasyon oswa administrasyon, pwojè amelyorasyon transpò yo ki (1) sou pwopriyete Konte a posede oswa ki Konte a lwe ak (2) finanse totalman oswa pasyèlman avèk pwodui ki sòti nan sitaks transpò elektè yo nan Konte a apwouve nan ane 2018, ap triyonfe sou òdonans minisipal konfliktyèl yo?"

POUKISA LI ENPÒTAN?

Eta Florid bay gouvèman lokal la dwa pou gen pouvwa gouvènmantal, kòporatif ak pwopriyete pou pèmèt yo dirije gouvèman minisipal la, reyalize fonksyon minisipal yo ak bay sèvis minisipal. Se moun yo ki te adopte lang Règ Lokal la epi ki bay tout minisipalite yo kapasite pou pwomilge òdonans, kòd, plan ak rezolisyon yo ki gen ladan itilizasyon tè ak zonaj.

Òdonans Konte Broward yo pa menm ak òdonans Lokalite Davie yo. Òdonans Lokalite a fèt espesyalman pou abòde nesosite kominote nou an ak pwoteje dwa ou yo. Dezyèm Amannman Konte Broward la ap inyore otorite règ lokal minisipal prensipal la pou règlemante devlopman nan limit minisipal yo, ki gen ladan zonaj, pèmi, konstriksyon, operasyon ak administrasyon.

KIJAN SA AP AFEKTE OU?

Si yo adopte li, Dezyèm Amannman an pral pèmèt Konte a pase sou òdonans lokal yo epi akselere devlopman pwojè transpò yo. Pwojè sa yo ka konstwi sou tè konte a posede oswa lwe nan kominote ou an kèlkeswa itilizasyon tè, zonaj ki egziste a, oswa pwopriyete ke li limite.

Nan dat 3 novanm 2020, elektè yo pral gen pou deside si Konte Broward ka kontoune òdonans lokal yo pou konstwi nan kominote nou an san pèmision.

Aprann sou Dezyèm Amannman an anvan ou vote nan 3 novanm 2020.

#OurCommunityOurChoice

www.davie-fl.gov/uncoveramendment2